


Reyabilitasyon aprè COVID-19



**Fizyoterapet yo ka
ede'w nan chimen
gerizon lè'w te gen
COVID-19. Yo menm
avèk lòt pwofesyonèl
nan domènn sante a ap
travay ansanm pou
sipòte'w nan bezwen'w.**



#worldptday

Sendwòm fatig aprè virus la (SFAV)

Plis pase 10% moun ki te gen virus la ka devlope sendwòm fatig aprè virus. Si'w pa santi w'ap refè oubyen si kèk aktivite fè'w santi'w pi mal, pale avèk fizyoterapet ou oubyen avèk doktè'w epi mande pou yo verifye si e pa sentòm (SFAV) ou genyen. Tretman pou moun ki soufri SFAV diferan de lòt yo.